


La Bib pou ti moun
prézanté

Jezi chwazi douz
asistan



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : E. Frischbutter; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.




Jezi te fè anpil bèl bagay. Li te pran swen malad yo. Li te pote lapè nan kè ak nan lespri moun ki te twouble yo, epi li te anseye Pawòl Bondye a.



Plizyè fòl moun te konn vin jwenn Jezi pou l ede ak
geri yo. Kidonk, Jezi te deside chwazi douz gason
pami anpil moun ki t ap suiv li yo pou ede l nan
travay li t ap fè pou Bondye a.





Lè w genyen yon
desizyon enpòtan
pou w pran, èske w
konn priye Bondye ?
Se sa Jezi te fè !
Jezi te monte sou
mòn nan epi nan yon
kote ki trankil, li te
priye Papa li ki nan
syèl la. Jezi te priye
jouk solèy la kouche.







Epi Jezi te
priye pandan
tout nuit lan.



Nan maten, Jezi te rele zanmi li yo — tout sila yo ki
t ap suiv li ak obeyi li fidèlman yo. Pami zanmi l yo,
li te chwazi douz pou vin asistan l, oswa
apot li.



De premye moun Jezi te chwazi yo se te frè, Simon
Pyè ak Andre. Yo te kite biznis lapèch yo lè Jezi te
mande yo pou yo suiv li.




Jak ak Jan, pitit Zebede
yo, yo menm tou, te kite
filè lapèch yo tou.




Jezi te chwazi tou Filip, Batèlmi, Matye ak Toma,
Simon nonm ze le a, Jak pitit Alfe a, Jida, yon frè
Jak, ak Jida Iskaryòt, nonm ki pral
trayi Jezi pita a.




Jezi te anseye yo fè sa
li te mande a, se tankou
bati yon kay sou wòch.
Tanpèt ki pi vyolan yo p
ap kapab detwi
kay sa a.



Men, lè w pa obeyi Jezi se te tankou w bati kay ou sou sab. Lè tanpèt la rive, li kraze kay la.



Genyen kèk nan kòmandman Jezi yo ki pa te fasil pou suiv. "Si yon moun ban nou yon kalòt nan yon bò figi, vire lòt bò a ba li tou," Jezi te di yo. "Renmen lènmi nou yo. Moun yo te bezwen èd Bondye pou yo viv tankou Jezi."



Jezi te di yo tou pou yo
priye an sekrè — pou yo pa
fè grandizè devan lòt moun
tankou kèk chèf legliz
(relijye).



Jezi te di Bondye t ap
nouri ak abiye moun ki fè li
konfyans yo. Paske se Bondye
ki nouri zwazo yo epi li bay flè yo
ak ti pyebwa yo bèl koulè, pèp li a
kapab fè l konfyans pou l ba yo tout
sa yo gen bezwen.



Jou sa a, Jezi te aprann
apot li yo anpil bagay.
Lè li te fini, yon moun ki
te genyen lèp te vin rive
epi li te mande Jezi pou
l geri li.





Jezi te reponn moun ki te
gen lèp la : "Wi, mwen vle
fè sa. Se pou w geri !"
Pandan apot yo t ap gade,
lèp la te kite malad la
menm kote a. Li te geri !
Se sèlman Pitit Bondye a
ki ka fè mirak sa yo.
Apot yo te konnen, ak
Jezi, yo te genyen yon
Mèt fantastik.



Jezi chwazi douz asistan

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Matye 4-7, Mak 1, Lik 6


"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





39



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

